

Rezime - Rekomandasyon pou Rekonstwi Kay an Ayiti
International Housing Coalition [Koalisyon Entènasyon pou Kay (KEK)]
Avril 2011¹

Evalyasyon sa a, ki sou Sektè Sheltè an Ayiti, te pwepare avek asistans USAID. Li revize pwogrè e difikilte ki genyen nan sektè sheltè a apwè tranblemantè 12 janvyè 2010 la. Evalyasyon sa a idantifye bagay ki trè kritik nan sektè a, li analize yo nan kontèks yo e li rekomande aksyon USAID, tout lot donè yo ak gouvènman Ayisyen an dwe pwan pou rezoud yo.

KONDISYON SEKTÈ A NAN MOMAN SA²

Kalite devas tranblemantè a te fè a se yon refleksyon sou kondisyon kite ekziste an Ayiti paravan. Anpil moun konsantre yonsèl kote, anpil povwete ak manke kapasite enstitisyonèl pou mete règ ak kondisyon nan konstwi kay e pou fè yon bon planifikasyon iben ki te fè tout moun sa yo mouri ak tout kay sa yo kraze. Pwè de 105,000 kay te kraze konplètman, plis de 208,000 te domaje e pwe de 25 milyon tòn de debri kouwi tout zòn tranbleman an. Desanm 2010, pwèske yon ane apwè tranblemantè a, pwèske pa't gen pyès efò sou pye to rekonstwi, e yo pwan anpil tan pou netwaye debri yo ak debloke tè prive anpeche rekonstriksyon. Anpil fanmi ke tranblemantè a te mete deyo pa janm ko jwenn yon bon mwayen ak kote pou yo rete. Yo kontinye ap viv nan kan, ki se swa kan fòmèl ou enfòmèl.

Pa gen yon bon sistèm jidisyèl pou regle afè tè. Li difisil pou konn mèt tè paske pa gen yon sistèm pou regle papye tè oubyen sistèm nan pa klè. Defèt ke sistèm ki ta pou pèmèt moun sètifye propriyetè yon tè pa klè, li fè l vinn difisil pou ta fè yon kay bay yon moun sou yon tè oubyen ede moun yo retounen nan kan kay ki vid.

Defètke gen anpil kote ki pako netwaye, sa bay anpil pwoblèm pou rebati sektè sheltè a. Netwaye zòn yo pran anpil tan, anpil lajan, ak anpil mounn pou fè travay la. Gen de milyon de tòn debri/wòch ak tout lòt bagay ki te kraze pa janm ko netwaye. Yo dwe chèche kote pou yo depoze tout zagribay sa yo.

Yon pi gwo pwoblèm k'ap konfronte sektè sheltè a sè ke responsabilite pou sektè a divize ak plizye ajans gouvènmantral e kapasite ajans sa yo fèb pou rele bagay sa yo. Pa ekzamp, gouvènman an menm

Evalyasyon Sa a Baze Sou Pwensip Sa yo:

Pa fè mal

Pwosesis pou rekonstwi/rebati sektè sheltè a pa dwe fè lavie, sante, sekirite, ak kondisyon ekonomik pòv yo vi n pi mal ke jan yo te ye avan tranblemantè a. Yo dwe fè tout mwayen posib pou “rebati bi byen.”

Chèche mwayen ki pou fè'l posib pou anpil moun ka retounen lakay yo

Pwosesis pou rebati sektè sheltè a dwe fasilite retou tout moun ki te kite katye yo ak kay yo akòz de tranblemantè a. Yo dwen ka retounen nan yon fason ki an sekirite.

Rekonèt ka gen plizyè solisyon so koze sheltè

Lokatè ak pwopwiyetè gen diferan tipe dè bezwen nan tout pwosesis pou rebati sekte shelte a. Kit sa ki pòv e kit sak pa pòv yo tou gen dè bezwen diferan.

Ledèship Ayisyen Esansyel

USAID ka sipòte rebati sheltè, men se Ayisyen ki dwen gide l. Gouvènman Ayisyen dwe antèt e dwe genyen yon pwen fokal pou devlopman politik ak pwogram kay

¹ IHC se yon òganization san pwofi (ong) ki konsantre'l sou edikasyon ak pledwaye nan Washington, D.C. ki sipòte dwa kay pou tout moun e ki ap fè efò pou pririyotize kesyon kay/lojman an ajanda devlopman entènasyon la. Si ou ta vle konnen plis sou travay IHC, vizite sit li nan: www.intlhc.org.

² Rezime sa a baze sou rapò Depatman Leta Ozetazini. Biro Koòdinatè Spesyal pou Ayiti. Tit rapò a se te, “HAITI ONE YEAR LATER,” 10 janvyè 2011.

manke kapasite pou anregistre ONG yo, enpòtasyon materyel pou bati shèltè, e idantifye tè kote yo te ka bati kay. Si ke yo pa etabli yon sèl ministè ki pou gen kòm responsablite l planifikasyon, koòdinasyon, ak enplimantasyon afè kritikale sou sektè shèltè a, ap toujou gen anpil pwoblèm pou rebati sektè a e travay la ap kontinye pa mache byen.

KEK STRATEJI AK REKOMANDASYON

Rekomandasyon IHC ap fè yo tonbe nan de (2) kategori: (1) Yon kategori sou gwo sijè general e (2) sijè ki kritikale ki sou ki jan sektè a ta dwe rebati.

1. GWO SIJÈ STRATEJIC

- A. Asistans pou bati kapasite sou tout nivo.** Asistans pou ranfòse kapasite gouvènman Ayisyen an dwe konsantre sou anplwaye nan yon ministè sou afè kay ak devlopman kominotè. Nan moman sa a, pa gen yon pozisyon ki nan nivo kabinet ki ta dwe responsab pou asire ke sektè shèltè a byen rebati. An plis, yo dwe bay gouvènman minisipal yo asistans pou sa ka pemet moun nan kominote yo patisipe nan planifikasyon lokal yo e pou sa ka pèmèt moun yo tounen nan katye yo ki te afekte nan tranblemanntè a. Govènman lokal yo enpòtan nan zafè rebati sekte shèltè a.
- B. Gouvènman Ayisyen dwe kominike ak pèp la sou zafè Rekonstriksyon Shèltè.** Gouvènman Ayisyen an dwe fè konnen vizyon li pou rekonstriksyon an e ki sa l'ap fè koulye ya pou'l fè vizyon sa a vinn yon reyalite. Pèp la dwe jwen enfòmasyon pou ke yo ka pran bon desizyon pou tèt yo e pou yo ka konnen ki sa pou yo fè. Donè yo ak kominote entènasyonal la ka sipòte gouvènman Ayisyen an devlope yon pi bon mwayen pou kominike ak pèp la si ke yo ta ede'l kreye yon sant pwensipal ki pou responsal tout zafè shèltè yo.
- C. Planifikasyon ak Enplimantasyon pou Rekonstwi Shèltè nan yon jan ki Patipatwa.** Mounn ki rete nan zòn yo konn zòn yo byen e yo konn vwazinaj yo ak tout risk ke zòn yo ap konfronte menm avan ta gen yon dezaz oubyen yon malè. Nòmalmen yo konn tout bagay sa yo pi byen ke nen pòt òganizasyon ki soti lòt kote. Lèke moun k'ap rete nan kay yo patisipe nan tout desizyon sou zafè lokasyon ak kijan kay yo dwe fèt, y'ap pi satisfè lè tout bagay fi n fèt. Pwojè reparaj dwen konsilte ak tout lidè e moun nan kominote a sou kesyon konbyen kay ki dwe fèt, ki risk ki genyen, e kijan kominote a ap planifye l.

2. SIJÈ KONSÈNAN ASPÈ KI KRITIKAL SOU PWOSESIS POU REBATI SHÈLTÈ

- A. Retire/Netwaye Debri yo.** Ministè Travay Piblik la avek lajan donè yo bali a dwe kreye yon plan entegral pou retire e manaje debri yo.
- B. Patipasyon Kominote ak Fleksibilite Pou Pèmèt Moun yo ka gen papye tè/kote pou yo rete.** Kòm nou te deja di, mounn ki rete nan zòn yo konn vwazinaj yo e yo ka idantifye ki moun ki te rete tèl kote e ki moun ki mèl tèl kay oubyen tè. Kominote entènasyonal la dwe ankouraje gouvènman Ayisyen an pou'l pèmèt idantifikasyon sa yo e rantre yo nan lwa yo, e rezoud tout dispit ki genyen. Anplis, gen eksperiyans entènasyonal ki demontre ke mwayen altènatif sa yo ki pèmèt moun gen dwa tè ak kay ka pote siksès. Moun pa dwe ap viv nan perèz ke yo ka mete yo deyò lakay yo san okenn avètisman.

- C. Bay Enfwastrikti Besik.** An Ayiti, sistèm dlo ak sanitasyon kominotè toujou pi efikas e pi ba pri. Yo dwe devlope rezewwa ak pi dlo ki konekte nan tank septik pou bay moun yo dlo e sèvis esansyèl ak yon pri rezonab. Idantifye tè pou bati kay e bay moun ki te afekte nan tranblemantè a sèvis, òganizasyon k'ap konstwi shèltè ak gouvènman Ayisyen an dwe konsidere tout mwayen pou reyalize tout bagay sa yo. Sa vle di, bay moun yo sèvis dirèkteman kote yo rete kiseswa sou tè piblik ou prive. Gen kèk ka gouvènman an ta dwe negosye avek mèt tè prive yo pou ka pèmèt moun ki rete yo jwenn sèvis.
- D. Asistans Teknikal Pou Finanse Kay.** Govènman Ayisyen an ak entènasyonal kominote a dwe fè tout sa yo kapab pou yo chèche yon mwayen pou yo ede moun achete kay, yon mwayen ki pa nesèsè pou yo genyen papye tè. Pa gen yon bon sistèm pou bay e sètifye papye tè, sa fè li enposib pou moun yo ta itilize papye tè yo kòm yon mwayen pou finanse yon kay. Sike ta gen yon jan pou moun yo ka prete yon tikòb pou ede yo bati kay pou yo rete sa t'ap yon pi bon asistans teknikal yo te ka jwenn.
- E. Shèltè Tranzisyonèl e Rekonstriksyon Shèltè.** Si mounn yo jwenn bon asistans teknikal ak finans, y'ap ka bati pi bon kay ke donè/ONG yo. Donk, yo dwe itilize kòb ki gen koulyè ya pou ede fanmi ki te afekte nan tranblemantè repare ak rebati kay yo.
- F. Fleksibilite ak Klèrite nan Pwogram Asistans pou moun ki te Afekte yo.** Gouvènman Ayisyen an dwe devlope bon pwogram pou ede moun yo. Pwogram yo dwe fleksib, senp, e san moun pa. Lè pwogram sa yo fi n devlope, gouvènman an dwe pibliye yo e edike piblik la sou yo. Anplis, gouvènman an dwen pran konsèy pèp la an konsiderasyon. Tout moun - lokatè, pwopwiyetè, ak moun biznis/komèsan dwe enfòmè sou pwogram yo. Yo dwe kreye plizyè Sant Kominotè pou ede moun yo e bay moun ki afekte yo tout asistans teknikal.
- G. Kay a Lweyaj.** Pifò moun ki te afekte nan tranblemantè a se te lokatè. Ta dwe gen sipò pou fè yon etid e mete sou pye kèk pwojè eksperyantal pou eseye pwogram asistans yo ak tout lòt efo. Gouvènman dwen konsidere pèmèt moun kite lokatè yo, si yo kapab, achete kay. Olye ke gouvènman an ap fè kay pou moun lwe, li ta pi bon pou l' ede sektè prive a ak pwopwiyetè prive yo rebati kay pou lweyaj. Bati anpil kay piblik pou lokatè e gere yo piblikman se pa yon bon sistèm. Sistèm mas kay piblik sa yo pa gen yon bon istwa nan nenpòt peyi ki genyen yo.

International Housing Coalition
[Koalisyon Entènasyonal pou Kay]
1424 K St NW, Suite 600
Washington, DC 20005